



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON 65 INITE  
DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB POU GRANMOUN AJE NAN EAST BUFFALO**

***Patenarya ak Legliz Batis Mt. Olive ranfòse angajman Kontinyèl Eta a pou elaji  
opòtinite ak resous nan kominote East Buffalo a***

***Nan senk dènye ane yo, Eta a te kreye oswa prezève 4,660 kay abòdab nan  
Buffalo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon nan Mt. Olive Senior Manor ki pral kreye 65 apatman abòdab pou granmoun ki gen laj 55 ane oswa plis, ki gen ladan 20 apatman ak sèvis sipò pou moun ki nan sitiyoasyon sanzabri yo. Devlopman 27 milyon dola a baze sou envestisman istorik 50 milyon dola eta a nan kominote East Buffalo a.

"Mt. Olive Senior Manor kontinye angajman administrasyon mwen an pou retabli East Buffalo atravè nouvo devlopman ki ofri kay ki an sekirite, ki estab ak abòdab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lojman pou granmoun aje se yon pati enpòtan nan pwogram lojman mwen an pou asire ke granmoun aje New York yo ka rete pre fanmi ak moun yo renmen yo nan kominote yo rele lakay yo. Mwen pral kontinye pwofite patenarya ekstraòdinè nou yo ak gwoup relijye yo tankou Kòpoasyon Delopman Mount Olive (Mount Olive Development Corporation) ki bati kominote solid epi konekte Nouyòkè yo ak sèvis yo bezwen pou yo pwospere epi viv poukont yo."

Mt. Olive Senior Manor fè pati Plan Lojman Global 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Devlopman an konplete tou kantite envestisman sible Eta a pou adrese bezwen kominote East Buffalo a apre yon atak fiziyad pou rezon rasyal nan yon makèt lokal ane pase a.

Mt. Olive Senior Manor se rezilta yon patenarya ak Legliz Batis Mt. Olive nan East Delavan Avenue. Nouvo bilding twa etaj la pral konstwi sou yon tè ki toupre legliz la epi l ap gen ladan 65 apatman ki abòdab pou fanmi ki touche 60 pousan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti ke sa.

Vin apatman pral ofri sèvis sipò sou plas pou ede rezidan yo viv poukont yo. Sèvis ak sibvansyon lokasyon yo ap finanse pa Inisyativ Lojman Sipò Empire State la (Empire State Supportive Housing Initiative) epi se Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la k ap administre li. Sèvis yo pral bay pa People, Inc., ki se ko-devlopè pwojè a tou.

Amenajman rezidansyèl yo pral gen ladan yon chanm kominotè ak kwizin, enstalasyon lesiv, zòn depo pou bisiklèt, biwo jesyon, biwo sèvis sipò, sal polivalan, yon zòn salon, ak yon lakou fèmèn ak espas pou mache ak yon patyo. Sit pwojè a nan yon distans mach a pye ak plizyè wout otobis.

Konsepsyon an enkòpore karakteristik efikasite enèji tankou estasyon rechaj machin elektrik, aparèy ak ekleraj Energy Star, enstalasyon plonbri a fèb debi, ak ekipman mekanik ki efikas. Sit pwojè a te sibi ratrapaj atravè Pwogram Netwayaj Fich Endistriyèl Eta New York la.

Pou sipòte rezidan yo pandan y ap vyeyi, bilding lan pral gen ladan karakteristik tankou ranp, etajè ak kabinèt ki ba, manch pòt ki gen fòm levye, ekleraj anba amwa, ak douch ki san bit.

Finansman Eta a pou Mt. Olive Senior Manor gen ladan 13 milyon dola nan Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba yo ak 3.6 milyon dola sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la pral bay 4 milyon dola atravè Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) li a. Konstriksyon an te ranpli egzijans Pwogram Netwayaj Fich Endistriyèl Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ki pote siksè a, ki te prevwa lakòz 3.6 milyon dola nan kredi enpo Depatman Fiskal ak Finans Eta New York te bay. Ajans Renouvèlman Iben Buffalo te bay 2.9 milyon nan fon HOME.

Nan senk dènye ane yo, HCR te kreye oswa konsève 4,655 kay abòdab nan vil Buffalo.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Mt. Olive Senior Manor pral bay 65 kay granmoun aje yon kay abòdab, konfòtab, epi ki an sekirite pou jwi lapè lespri ak yon bon kalite lavi. Gras ak patenarya nou ak Legliz Batis Mt. Olive ak People, Inc., yo pral bay pwopriyete sa a ki pa te itilize ase a yon objektif renouvle ki pral benefisye tout kominote East Buffalo a. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap kontinye kreye plis opòtinite lojman pou rezidan k ap viv nan East Buffalo ak atravè tout eta a."

**Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta New York la, Barbara C. Guinn, te deklare,** "Mt. Olive Senior Manor pral bay lojman ki an sekirite, abòdab ansanm ak sèvis sipò pou granmoun ki te sanzabri anvan nan East

Buffalo, sa ki mete aksan sou angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou finanse nouvo inite lojman sipò pèmanan yo. Patenarya inovan sa a pral ede estabilize lavi yo pandan y ap pèmèt rezidan yo vyeyi an plas, sa kap benefisye tout kominote a."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "Pwogram Netwayaj Frich Endistriyèl New York la ap remete plizyè santèn ansyen sit endistriyèl nan tilizasyon pwodiktif pou pi byen sèvi bezwen kominotè yo. Travay ak patnè nou yo nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR), Eta New York ap transfòme sit endistriyèl ki te deja kraze yo epi redevlope pwopriyete ki pa itilize yo pou benefisye moun nan Lwès New York ak atravè eta a."

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare,** "Chak rezidan Buffalo merite yon kote ki an sekirite epi ki garanti pou yo rele lakay yo, epi mwen fyè dèske m wè investisman enpòtan sa a nan alafwa lojman abòdab ak nan resous kominotè yo nan East Buffalo. Lè nou itilize 13 milyon dola nan Kredi Enpo Federal sou Lojman, ke mwen te travay di pou m sekirize, pou m kreye plis pase 60 nouvo kay aksesib abòdab pou granmoun ki gen plis pase 55 ane ak plis epi pou m ofri sèvis sipò enpòtan pou manm kominote a ki fè fas ak ensekirite lojman, nouvo devlopman sa a ki efikas an enèji pral ede rezidan ki pi vilnerab eta nou yo viv poukont yo. Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul paske l ogmante aksè nan lojman ki nan pri abòdab nan Buffalo ak atravè Eta New York, epi mwen pral kontinye batay pou m ogmante rezèv lojman ak kreye yon New York ki pi abòdab ak vivab pou tout moun".

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Elaji aksè a opsyon lojman abòdab se yon bagay ki enpòtan pou kominote New York yo. Nouvo devlopman lojman sa a pral ede asire ke nou ka satisfè bezwen lojman esansyèl nan East Buffalo epi bay sèvis sipò ki nesèsè anpil pou popilasyon vilnerab yo. Mwen fyè pou m sipòte efò Gouvènè Hochul ap fè pou elaji opsyon lojman abòdab pou kominote Buffalo a ak nan tout eta a."

**Reprezantan Brian Higgins te deklare,** "Kriz lojman abòdab peyi nou an ap viv la se yon defi patikilyèman pou rezidan ki pi aje yo ak moun ki gen andikap k ap viv nan zòn ki pa gen ase sèvi yo. Nan kad patenarya eta ak federal sa a, n ap kontinye investi nan yon pi bon avni pou East Buffalo. Gras ak lidèchip Mt. Olive and People Inc., rezidan yo pral gen aksè ak yon lojman ki an sekirite ak abòdab ki bay sipò yo bezwen chak jou pou yo viv poukont yo. Nou fyè pou nou wè pwojè sa a kòmanse pandan n ap kontinye bati opòtinite nan East Buffalo."

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare,** "Pwojè sa a make yon lòt investisman eta a nan opòtinite lojman abòdab, epi li souliye angajman Mount Olive ak People Inc. pou ankouraje espas ki santre sou kominote yo nan Vil Buffalo. Eta New York pral kontinye sipòte pwojè ki konsantre sou lavni tankou sa a, ki pral ranfòse katye nou yo epi konekte rezidan yo ak sèvis sipò yo bezwen pou yo viv yon vi ki epanouyi ak dinamik."

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Felisitasyon pou Legliz Batis Mt. Olive, People Inc., ak tout ekip devlopman an paske yo fini Mt. Olive

Senior Manor la. Pwojè sa a te nan preparasyon tan, li te dirije pa vizyon defen Rev. Dwayne Gillison, Sr. epi ki te kontinye pa pitit gason l Rev. Dwayne Gillison, Jr. Mwen fyè pou m rejwenn kòlèg mwen yo ak kominote a pou m dedye plis nouvo lojman ki an sekirite, abòdab pou granmoun aje nou yo ki merite sa. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak Divizyon Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York ki fè sa posib nan Lès Buffalo."

**Majistra Buffalo, Byron Brown, te deklare,** "Devlopman Mt. Olive Senior Manor kontinye devouman administrasyon mwen an pou devlopman ekitab ak lojman abòdab nan vil nou an. Vil la fyè pou l kontribye plis pase 2 milyon dola nan pwojè sa a. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou sipò li ak patenarya li nan misyon mwen pou reyalize 40 pousan lojman abòdab nan vil nou an. Mwen remèsye tou Mt. Olive Development Corporation and People, Inc. Sa a se dezyèm fwa vil la fè patenarya ak Mount Olive nan lojman abòdab ak senkyèm fwa nou te fè patenarya ak People, Inc. Mwen fyè de travay tou de òganizasyon yo fè, epi mwen fyè pou m kontinye siksè patenarya nou an."

**Pastè Dwayne Gillison, nan Legliz Batis Mt. Olive, te deklare,** "Objektif ki dire plizyè deseni an ap reyalize ak inogirasyon sa a! Etablisman 65 inite nou an pral ofri lojman an sekirite ak abòdab pou granmoun aje ki nan bezwen nan Vil Buffalo. Yo prevwa rezidans lan pral fini nan sezon otòn 2025. Nou rekonesan anvè Eta New York, Vil Buffalo, Konte Erie, moun ki bay finansman pwojè enteresan sa a, ak lidè eli nou yo. TOUT GLWA POU BONDYÉ!"

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral People a, Anne McCaffrey, te deklare,** "Sa se yon jounen ki pote anpil kontantman pou nou Nou te fyè dèske Mt. Olive te chwazi nou pou fè patenarya nan devlopman opsyon lojman enpòtan yo, ki pral kontribiyè nan kalite lavi rezidan yo nan East Buffalo. Inisyativ lojman abòdab yo nan sant misyon People Inc. pou ede moun viv lavi epanouyi ak pwodiktif. Nou rekonesan anvè lidè eli yo ak ajans yo ki te bay priyorite lojman abòdab nan kominote nou an. Pwojè sa a pa t ap posib san sipò Vil Buffalo, Konte Erie ak Eta New York ak kontribisyon fon HOME, PILOT, OTDA ak HCR yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)